



Pou Piblikasyon Imedya: 21/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINASYON AK REKÒMANDASYON NAN ADMINISTRASYON AN

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo nominasyon ak rekòmandasyon nan administrasyon li a.

"Pa gen dout ke New York fè fas ak gwo defi, epi li absoliman vital ke nou atire meyè lespri, ak lespri ki pi briyan yo pou gouvènè eta nou an epi lite pou pèp nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Moun sa yo ap ranpli wòl enpòtan epi ede administrasyon nou an konsolide repons li yo fas ak yon miltitud defi enpòtan, soti nan pwoteje Nouyòkè yo pandan ijans yo rive nan regilarize sistèm finansye eta a."

Jeanette M. Moy pral nonmen kòm **Komisè Biwo Sèvis Jeneral la (Office of General Services, OGS)**. Li te sèvi pi resaman kòm Vis Prezidan Egzekitif ak Chèf Operasyon pou Solisyon Sante Piblik (Public Health Solutions, PHS), yon òganizasyon ki angaje pou diminye inegalite sante atravè Vil New York. Nan wòl sa, li te sipèviz ekip finans ak kontablite, resous imèn, teknoloji enfòmasyon, jesyon enstalasyon ak imobilye, ak sèvis pasasyon mache ak jesyon PHS yo. Anvan sa, Madam Moy te sèvi kòm Chèf Operasyon nan Biwo Pwokirè Jeneral New York la, ap sipèviz operasyon komèsyal li ak yon bidjè 225 milyon dola ak 1,800 anplwaye atravè 33 sikisal, ak yon pwogram modènizasyon nan tout òganizasyon an. Madam Moy te sèvi kòm premye Ofisye Estrateji Anchèf nan Bibliyotèk Piblik Bwooklyn nan, ap dirije inisyativ estratejik enpòtan li pou bay sèvis ki inovan, jenere revni epi amelyore operasyon yo. Li te sèvi kòm Chèf Kabinè Adjwen ak Konseye Prensipal nan Biwo Majistra Vil NY la, ki konsantre sou estrateji sèvis kliyan, teknoloji, ak inovasyon. Anvan tan li nan sèvis piblik, li te travay nan kabinè konsiltasyon Booz Allen Hamilton ak konpayi asirans sante Anthem. Madam Roy te resevwa yon Diplòm Lisans nan Syans Politik ak yon Metriz nan Management nan University of Rochester. Madam Roy ap sèvi kòm Komisè pa Enterim jiska konfimasyon Sena a.

Maria Imperial pral nonmen kòm **Komisè nan Divizyon Dwa Zimen an (Division of Human Rights, DHR)**. Pi resaman, Madam Imperial te sèvi kòm PDG nan YWCA White Plains & Central Westchester, kote misyon li se te elimine rasis epi kapasite fanm yo. Sou lidèchip Madam Imperial, YWCA te konplete yon renovasyon vèt 26 milyon dola nan Rezidans li, yon refmansman obligasyon 4 milyon dola nan Sant Aktivite North St. li a, realiyen pwogram òganizasyon an pou reflète misyon li pi byen, ki enkli kreyasyon Sant pou Egalite Rasyal ki ouvri avril 2021 an. Madam Imperial te

rekonèt pa Westchester 914 kòm yon Loreya Fam Dafè 2018, epi li te resevwa Pri Chanpyon Lajistis pou Jistis Sosyal Sant Feerick nan Fordham Law School, Pri Komisyon Dwa Zimen Westchester pou pwomosyon dwa moun nan Konte a ak Pri Sèvis Kominotè Pwogram Opòtinite Kominotè Westchester (Westchester Community Opportunity Program, WESTCOP). Li sèvi nan Konsèy Direksyon Nonprofit Westchester, ak Konsèy Konsiltatif pou Fanm nan Komite Tribinal pou Nevyèm Distri Jidisyè a. Madam Imperial te kòmanse karyè li ap travay kòm yon asosye nan kabinè jiridik O'Melveny and Myers. Li se yon lisansye nan Harvard University, Robert Wagner Graduate School of Public Service ak Harvard Law School. Madam Imperyal ap sèvi kòm Komisè pa Enterim jiska konfimasyon Sena a.

Jackie Bray pral nonmen kòm **Komisè Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York.**

Li rejwenn Administrasyon Hochul la apre li t ap kowòdone vag kapasite nan lopital pandan moman ki pi fò COVID la pou Vil New York, ap sèvi kòm Direktè Egzekitif Adjwen Test and Trace Corps, Vil NY, ak yon konseye prensipal kanpay vaksinasyon Vil la. Li te sèvi anvan kòm premye Direktè Biwo Majistra a pou Pwoteje Lokatè yo kote li te konstui yon nouvo biwo apati zewo ki konsantre sou dwa lokatè yo epi pwoteje 2 milyon fanmi lokatè Vil. Anvan sa, li te sèvi kòm Premye Komisè Adjwen Depatman Sèvis pou Sanzabri (Department of Homeless Services) Vil New York, sistèm pou sanzabri ki pi gwo epi ki pi konplè nan peyi a, kote li te sipèvize operasyon kotidyen epi fè mizannè Plan kont sitiasyon sanzabri Vil la. Anvan li te rejwenn gouvènman Vil NY, Madam Bray te sèvi kòm Chèf Kabinè Adjwen nan Administrasyon Oseyanik ak Atmosferik Nasyonal (National Oceanic and Atmospheric Administration) ak Chèf Kabinè Sèvis Meteyo Nasyonal la (National Weather Service). La li te konsantre sou estabilizasyon pwogram satelit meteyo peyi a yo, mizanplas vizyon Sèvis Meteyo a pou bay sèvis sipò pou desizyon dekalite pou Eta ak lokalite yo, epi devlope politik adaptasyon klimatik la. Li se yon ansyen etidyan University of Michigan epi li gen yon Metriz nan Sante Piblik nan Fakilte Sante Piblik Mailman nan Columbia University Madam Bray pasyone konsènan jesyon chanjman nan sektè piblik la ak fè travay biwokrasi. Madam Bray ap sèvi kòm Komisè pa Enterim jiska konfimasyon Sena a.

Lucy Lang te nonmen **Enspektè Jeneral Eta New York.** Lang te sèvi pi resaman kòm Direktè Enstiti pou Inovasyon nan Pouswit Jidisyè (Institute for Innovation in Prosecution, IIP) ap travay ak pwokirè ak kominote yo pou fè pwomosyon sekirite, jistis ak diyite nan sistèm jistis kriminèl la. Sou lidèchip li a, IIP a te defann refòm jistis penal epi konsantre sou diminisyon polis ki enplike nan fiziyad ak lanmò yo, kreye gid nasyonal pou pouswit jidisyè yo pou ogmante responsablite epi fè apèl pou sipò ki ogmante pou viktim vyolans lapolis yo. An 2006, Lang te kòmanse karyè li kòm yon Asistan DA nan Manhattan, premye Biwo Apèl epi pi ta nan Divizyon Premyè Enstans lan. Li te sèvi tou kòm Konseye Espesyal nan Distri Pwokirè a ansanm ak kòm Direktè Egzekitif gwoup refleksyon entèn, Manhattan D.A. Academy, ki ogmante fòmasyon legal pou pwokirè yo epi devlope politik refòm pouswit jidisyè a. La li te kreye yon pwogram ki rele Andedan Jistis Penal la (Inside Criminal Justice), yon klas inivèsitè inik pou pwokirè yo ak elèv ki nan prizon yo pou etidye jistis penal ansanm andedan yon prizon. Journal Legal New York la (New York Law Journal) te rele Lang yon Etwal k ap

Monte an 2015. Li te yon manm nan Bousye Klas Lidèchip Prezidansyèl 2017 la, yon pwogram ki te lanse nan 2014 pa ansyen Prezidan Etazini Bill Clinton ak George W. Bush, epi sèvi kòm yon manm ekip sou Konsèy sou Relasyon Etranje a. Lang te resevwa Pri Elizabeth Hurlock Beckman 2020 nan Asosyasyon Psikolojik Ameriken an (American Psychological Association), pou travay li kòm yon edikatè ki enspire elèv li yo pou fè yon diferans nan kominote yo. Yo te nonmen li epi li te sèvi nan Gwoup Travay Asosyasyon Bawo Eta New York la sou Enjistis Rasyal ak Refòm Lapolis nan 2020, ak sou Rasis, Ekite sosyal, ak Lalwa an 2021. Li se otè March On (Avanse)! yon liv pou timoun konsènan dwa vòt fanm ki te pibliye pou rekonèt 100yèm anivèsè 19yèm Amandman an. An 2021, Worth Magazine te nonmen Lang kòm youn nan 50 Fanm k ap chanje mond lan. Lang te resevwa Lisans li nan Syans Politik ak Gwo Onè nan Swarthmore College ak Swarthmore College ak J.D. li nan Columbia Law School.

Gouvènè Hochul rekòmande Komisè **Fon Asirans Eta New York yo (New York State Insurance Fund, NYSIF)** nonmen **Gaurav Vasisht** kòm **Direktè Egzekitif**. Mesye Vasisht te sèvi kòm yon konseye pou yon ansyen Prezidan Konsèy Gouvènè Sistèm Rezèv Federal la (Federal Reserve System), antanke yon avoka twa Gouvènè New York, ak nan wòl kle nan Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services) New York, anvan li, Depatman Asirans New York, ak Biwo Pwokirè Jeneral New York. Antanke Vis Prezidan ak Direktè pwogram règlemantasyon nan Volcker Alliance ("Alliance") soti 2014 rive 2020, Mesye Vasisht te konseye ansyen Prezidan Rezèv Federal la Paul A. Volcker ak divès manm konsèy Volcker Alliance sou establiite finansye ak kesyon reglemantè. Mr. Vasisht te oryante tou pwopozisyon devlopman refòm epi fè pwomosyon priyorite politik Alliance anvan gouvènman federal la, ki enkli Komite Sena a sou Bank, Lojman ak Kesyon Iben, Komite Sèvis Finansye Lachanm lan, ak divès ajans reglemantè finansye. Anvan li te rejwenn Alliance, Mr. Vasisht te pase yon deseni nan gouvènman Eta New York. Pi resaman, li te sèvi kòm Sipèentandan Adjwen DFS, ap dirije Divizyon Bankè ajans lan, epi anvan sa, li te Sipèentandan Prensipal Adjwen ajans ki te la anvan DFS la, Depatman Asirans Eta NY la (NYS Insurance Department). Mesye Vasisht te travay tou kòm Premye Asistan Konseye ak Asistan Konseye twa Gouvènè New York ak Pwokirè Jeneral Adjwen nan Biwo Pwoteksyon Envestisman Biwo Pwokirè Jeneral Eta NY la. Yon gradye nan New York University ak Fakilte Dwa St. John's University, Mr. Vasisht te yon Bousye ki pa rezidan nan Sant Mache Finansye Mondyal (Global Financial Markets Center) nan Duke Law School ak yon Kontribitè nan Revi Penn Law's Regulatory.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)